

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Atikan téh mangrupa prosés anu dilaksanakeun ku unggal individu pikeun ngahontal élmu pangaweruh jeung kadéwasaan. Éta prosés moal eureun salila nyawa manusa aya kénéh dina ragana. Atikan minangka prosés *humanisasi* lain ngan saukur ngaronjatkeun kaparigelan kognitif individu, tapi ogé ngaronjatkeun individu sangkan jadi manusa anu boga moral, boga ajén sosial, watek anu hadé, jeung pribadi anu weweg ku élmu pangaweruh.

UU RI No. 20 taun 2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional nétélakeun yén:

*Pendidikan adalah usaha sadar dan terencana untuk mewujudkan suasana belajar dan proses pembelajaran agar peserta didik secara aktif mengembangkan potensi dirinya untuk memiliki kekuatan spiritual keagamaan, pengendalian diri, kepribadian, kecerdasan, akhlak mulia, serta keterampilan yang diperlukan dirinya, masyarakat, bangsa, dan negara.*

Dumasar kana katerangan di luhur, katitén yén atikan mangrupa prosés anu sadar kana fungsi jeung tujuan. Fungsi atikan dina kontéks kabudayaan kacida pentingna, lantaran salah sahiji fungsina nyaéta pikeun ngawariskeun ajén-ajén kamanusaan anu sumebarna tina budaya bangsa. Salah sahiji sumber atikan téh nyaéta tina kabudayaan anu aya di lingkungan sabudeureun, anu kiwari dipikawanoh salaku kearifan lokal (Rosidi, 2011, kc. 36).

Atikan kudu mibanda aspék-aspék anu nyoko kana ajén-ajén kabudayaan. Di Jawa Barat, éta hal téh nembrak dina pangajaran basa Sunda di sakola. Kiwari, kawijakan ngeunaan pangajaran basa Sunda anu jadi mata pelajaran wajib di sakola ditegeskeun dina Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomer 69 Taun 2013 ngeunaan *Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah* Bab II Pasal 5 ayat (1) anu unina: “*Satuan Pendidikan di Daerah melaksanakan pembelajaran bahasa dan sastra daerah paling sedikit dua (2) jam pelajaran setiap satu (1) minggu*” (Disdik Jabar, 2013, kc. 9). Anapon satuan pendidikan anu dimaksud dina ayat hiji nyaéta, Sekolah Dasar/Madrasah Ibtidaiyah/Sekolah Dasar Luar Biasa/Paket A, Sekolah

Menengah Pertama/Madrasah Tsanawiyah/Sekolah Menengah Pertama Luar Biasa/Paket B, jeung Sekolah Menengah Atas/Madrasah Aliyah/Sekolah Menengah Kejuruan/Madrasah Aliyah Kejuruan/Sekolah Menengah Atas Luar Biasa/Paket C.

Diajar basa Sunda mangrupa hak sakabéh jalma, kaasup siswa tunarungu. Tunarungu nyaéta kondisi jalma anu teu bisa ngadéngé sacara normal saperti nu séjén. Nurutkeun Salim (dina Somantri, 2012, kc. 93) “tunarungu nyaéta kondisi ruksakna fungsi sabagéan atawa sakabéh alat pangrungu anu ngalantarankeun jadi bangbaluh dina kamekaran basana”.

Dina kamekaran basa, indera pangrungu kacida diperlukeunana lantaran nya ku indera pangrungu manusa bisa niron atawa nurutan sora-sora anu aya di sabudeureunana. Ruksakna indera pangrungu tangtu mangaruhan ogé kana kamekaran kandaga kecap anu mangrupa komponén penting dina basa.

Balukarna, siswa tunarungu miboga ciri-ciri saperti anu dijelaskeun ku Sadjah (2003, kc. 64), yén “sacara umum siswa tunarungu héngkér dina kandaga kecap, hésé maham kana kekecapan anu sipatna abstrak, sarta hésé maham kana kekecapan anu ngandung harti konotatif”. Alatan éta hal, siswa tunarungu ngagunakeun isarat pikeun komunikasi dibarengan ku basa Indonesia anu sipatna nasional.

Nilik kana karakteristik siswa tunarungu, pangajaran basa Sunda pikeun siswa tunarungu kudu dimimitian tina pangajaran kandaga kecap. Komunikasi anu éféktif moal lumangsung saupama panyaturna héngkér kandaga kecap. Kandaga kecap anu héngkér bisa jadi bangbaluh dina pangajaran basa. Hiji jalma bakal miboga kaparigelan basa anu hadé upama miboga kabeungharan kandaga kecap anu jembar. Sakumaha anu ditétélakeun ku Tarigan (2015, kc. 2) yén “Kualitas kaparigelan makéna basa gumantung kuantitas jeung kualitas kandaga kecap anu dipiboga. Beuki jembar kandaga kecap anu dipiboga, beuki hadé ogé kaparigelan maké basana”. Ku kituna, kaparigelan makéna basa bisa katitén tina kandaga kecap anu dipibogana.

Nurutkeun Rusman (2013, kc. 3) “Pangajaran nyaéta prosés interaksi siswa jeung guru sarta sumber diajar di lingkungan diajar”. Prinsipna mah, tujuan pangajaran basa téh nyaéta sangkan para siswa mahér maké basa pikeun

lumangsungna prosés komunikasi. Aspék anu ngarojong kana pangajaran basa taya lain nyaéta kabeungharan kandaga kecap.

Siswa kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung nyaéta siswa anu miboga kakurangan dina indera pangrungu, anu ngabalukarkeun kurangna pamahaman kana kandaga kecap. Dalapan tina salapan siswa di kelas VII téh pituin urang Sunda. Alatan boga bangbaluh dina indera pangrunguna téa, nya salian isarat, basa panganteur anu digunakeun siswa boh di imah boh di sakola nyaéta basa Indonesia. Kukituna, ampir sakabéh siswa can apal kana kandaga kecap basa Sunda. Komo deui upama dititah nyarita maké basa Sunda mah.

Pangajaran basa Sunda pikeun siswa tunarungu jadi pasualan anu penting pikeun ngarojong kahirupan siswa tunarungu ka hareupna sarta dina raraga ngamumulé basa Sunda minangka basa indung. Salaku fasilitator, guru kudu parigel dina nepikeun pangajaran basa, hususna pangajaran basa Sunda anu jadi basa kadua pikeun siswa kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung. Peran guru geus tangtu jadi salah sahiji faktor anu nangtukeun pamahaman siswa kana kandaga kecap basa Sunda.

Ku kituna, guru kudu bener-bener dina ngalaksanakeun pangajaran kandaga kecap basa Sunda, ti mimiti ngararancang pangajaran, prak-prakan pangajaran, jeung évaluasi pangajaran, nepi ka siswa bisa maham kana kandaga kecap basa Sunda. Ari anu baris ditalungtik nyaéta rarancang pangajaran anu nyampak dina *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)*, prak-prakan jeung évaluasi pangajaran anu nyampak di kelas, jeung pamahaman kandaga kecap basa Sunda siswa tunarungu anu nyampak dina hasil obsérvasi jeung hasil ulangan. Ngaliwatan ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa Sunda di Sekolah Luar Biasa (SLB) jeung pamahaman siswa kana kandaga kecap basa Sunda.

Ieu panalungtikan téh lain panalungtikan munggaran sabab saméméhna geus kungsi aya sababaraha panalungtikan ngeunaan kandaga kecap basa Sunda, nyaéta “Kaparigelan Ngawasa Kandaga Kecap Budak Umur 4-5 Taun TK Aisyiah Bustanul Athfal Ranting Leuwi Daun di Kabupatén Garut” (Eva Nurlatifah, 2014). Anu jadi puseur panalungtikanana nyaéta kamampuh budak 4-5 taun dina

ngawasa kandaga kecap basa Sunda. Katitén yén anu jadi subjék dina ieu panalungtikan béda jeung panalungtikan saméméhna.

Salian ti éta, aya “Kandaga Kecap Dasar Basa Sunda Siswa Tunagrahita di SMPLB Purnama Asih Bandung pikeun Basa Panganteur” (Dzikri Hilman Nugraha 2015). Ieu panalungtikan museurkeun panitén kana kabeungharan kandaga kecap anu dipiboga ku siswa tunagrahita. Sok sanajan objék nu ditalungtikna sarua nyaéta siswa anu miboga kabutuhan husus, tapi ulikan dina ieu panalungtikan béda jeung panalungtik saméméhna. Ieu panalungtikan museur kana pangajaran kandaga kecap basa Sunda, nyaéta prosés nalika siswa diajar jeung prosés nalika guru ngajar, nepi ka siswa bisa maham kana kandaga kecap basa Sunda. Sok sanajan antukna mah dina ieu panalungtikan téh bakal medar ogé pamahaman siswa kana kandaga kecap basa Sunda, tapi panalungtik leuwih kairut kana prosés pangajaranana tibatan hasil ahirna, lantaran anu nangtukeun hasil téh nyaéta prosés. Upama prosésna hadé tangtu waé hasilna ogé bakal hadé, kitu ogé sabalikna.

Luyu jeung pedaran di luhur, ieu panalungtikan nu dijudulan “Pangajaran Kandaga Kecap Basa Sunda (Studi Kasus ka Siswa Tunarungu Kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung Taun Ajaran 2016-2017)” téh perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, tétéla kapanggih rupa-rupa masalah anu ngirut pikeun ditalungtik. Aya sawatara masalah dina ieu panalungtikan nu perlu diidéntifikasi, nyaéta: (1) rarancang pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu; (2) prak-prakan pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu; (3) évaluasi pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu; jeung (4) pamahaman siswa kana kandaga kecap basa Sunda.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina patalékan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha rarancang pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017?
- 2) Kumaha prak-prakan pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017?
- 3) Kumaha évaluasi pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017?
- 4) Kumaha pamahaman kandaga kecap basa Sunda siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun meunangkeun deskripsi ngeunaan pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) rarancang pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017;
- 2) prak-prakan pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017, anu ngawengku kagiatan awal, kagiatan inti, jeung kagiatan ahir;
- 3) évaluasi pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017; jeung
- 4) pamahaman kandaga kecap basa Sunda siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Manfaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun ngawewegan tiori pangajaran basa Sunda pikeun siswa tunarungu.

### **1.4.2 Manfaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep méré mangpaat pikeun siswa, guru, sakola, jeung nu nalungtik.

- 1) Pikeun siswa tunarungu, dipiharep bisa nambahan pangaweruh kana kandaga kecap basa Sunda.
- 2) Pikeun guru basa Sunda, bisa méré gambaran ngeunaan pamahaman kandaga kecap basa Sunda.
- 3) Pikeun sakola, bisa méré informasi ngeunaan kumaha pangajaran kandaga kecap basa Sunda siswa tunarungu.
- 4) Pikeun nu nalungtik, ngajembaran paélmuan anu keur ditalungtik.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, nyaéta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

Bab I mangrupa bubuka anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta struktur ogranisasi dina ieu skripsi.

Bab II eusina tiori-tiori ngeunaan kajian pustaka pikeun ngarojong ieu panalungtikan. Anapon tiori anu dipedar nyaéta tiori pangajaran, kandaga kecap, konsép tunarungu, sarta kalungguhan tiori-tiori paélmuan.

Bab III eusina ngeunaan métodeu panalungtikan anu digunakeun. Anapon dina Bab III ngawengku métodeu panalungtikan, desain panalungtikan, lokasi jeung subjék panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV eusina mangrupa déskripsi hasil panalungtikan anu ngawengku hasil analisis data nu luyu jeung rumusan masalah, jeung pedaran hasil analisis pikeun ngajawab patalékan anu dirumuskeun saacanna.

Bab V eusina mangrupa déskripsi kacindekan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi keur panalungtikan séjén.

